

Ndingaita Sei Kana Manzwiro Andiri Kuita Asina Kunaka?

1 ZIVA PANE DAMBUDZIKO RAKO

Pane zviripasi apa, ndechipi chinonyanya kukuomera kudzora?



KUTSAMWA

GODO

KUCHENGETA
CHIGUMBU



KUZVIDYA MWOYO

KUTYA

KUNETSEKA



KUORA MWOYO

KUSHAYIWA TARIRO

KUSUWA



ZVIMWEWO:

2 TSVAGA KUTI ZVINOKONZERWA NEI

Ndepapi pazvinokuomera kudzora manzwiro ako awataura nezvawo pamusoro apa?

“Kuti ndidzore manzwiro angu, ndinonyatsotora nguva yangu ndichifunga nezvenyaya yacho. Ndinozvibvunza mibvunzo yakaita seiyi, ‘Ndiri kunzwa sei?’

Nei ndiri kunzwa seizvi? Ndine chikonzero chine musoro here chekuti ndinzwe sezvandiri kuita? Handisi kutora zvinhu zvidiki senyaya hombe here?

Nyaya iyi ine *basa* here? Kudai mumwe munhu aizoita zvandiri kuita iye zvino ndaizofungei nezvake? Jehovha anoda kuti ndiitei kana zvinhu zvakadai?’ Kuzvibvunza mibvunzo iyi kuchaita kuti ufunge zvakanaka.”—Olivia.


3 NYORA ZVAUNGADAI WAKAITA

Nyora muenzaniso wepawakatadza kudzora manzwiro ako.

Pane zvawanyora pamusoro apa, zvii zvaunofunga kuti kudai wakaita zvaizochinja maperero akazoita nyaya yacho?

4 SARUDZA RUGWARO

Pamagwaro ari apa, ndeapi angakubatsira kudzora manzwiwo ako?




KANA WAKATSAMWA, UINE GODO, KANA KUTI CHIGUMBU

- **Zvirevo 14:29** “Munhu anonoka kutsamwa ane ungwaru kwazvo, asi asingashiviriri anokwidziridza upenzi.”
- **Zvirevo 29:11** “Benzi rino-budisa hashu dzaro dzose, asi munhu akachenjera anoramba akadzikama.”
- **Zvirevo 29:22** “Munhu asingatani kutsamwa anomutsa kukakavara, uye munhu anoda hashu anodarika kazhinji.”
- **VaEfeso 4:31, 32** “Pfini dzose nokutsamwa nehashu nokupopota nokutuka ngazvibviswe kwamuri pamwe chete nezvakaipa zvose. Asi itiranai mutsa, muchinzwirana tsitsi kwazvo, muchikanganwirana nomwoyo wose Mwari zvaakakukanganwirawo nomwoyo wose achishandisa Kristu.”
- **Jakobho 1:19, 20** “Munhu wose anofanira kukurumidza kunzwa, anonoke kutaura, anonoke kuva nehashu; nokuti hashu dzomunhu hadziiti kuti pave nokururama kwa-Mwari.”



KANA UCHIZVIDYA MWOYO, UCHITYA KANA KUTI UCHISHUNGURUDZIKA

- **Isaya 41:10** “Usatya, nokuti ndinewe. Usatarira-tarira, nokuti ndiri Mwari wako. Ndichakusimbisa. Chokwadi ndichakubatsira. Chokwadi ndicharamba ndakakubata zvakasimba noruoko rwangu rworudyi rwokururama.”
- **Mateu 6:34** “Musambo-zvidya mwoyo pamusoro pezuva rinotevera, nokuti zuva rinotevera richava nokuzvidya mwoyo kwaro. Zuva rimwe nerimwe rino-kwanirwa nouipi hwaro.”
- **VaFiripi 4:6, 7** “Musazvidya mwoyo pamusoro pechinhu chero chipi zvacho, asi muzvinhu zvose kukumbira kwenyu ngakuziviswe Mwari nokunyengerera nokutetere-ra pamwe chete nokuonga; uye rugare rwaMwari runopfuura kufunga kwose rucharinda mwoyo yenyu nesimba renyu rokufunga pachishandiswa Kristu Jesu.”
- **1 Petro 5:7** “Muchikanda kuzvidya mwoyo kwenyu kwose paari, nokuti iye ane hanya nemi.”



KANA WAKAORA MWOYO, USINA TARIRO, KANA KUTI WAKASUWA

- **Pisarema 34:18** “Jehovha ari pedyo nevaya vakaora mwoyo; anoponesa vaya vakadzvinyirirwa.”
- **Pisarema 46:1** “Mwari ndiye nzvimbo yedu yokupoterera nesimba redu, rubatsiro runowanika zviri nyore pakutambudzika.”
- **Zvakazarurwa 21:4** “[Jehovha] achapukuta misodzi yose pamaziso avo, rufu haruchazovipo, kana kuchema kana kuridza mhere kana kurwadziwa hazvingazovipozve. Zvinhu zvokutanga zvapfuura.”



KANA:

(Zvimwe zvaunonzwa zvisina kunyorwa pamusoro apa.)

Magwaro api angakubatsira kuti udzore manzwiwo awataura?

5 IVA NECHINANGWA

Manzwiro api anokuomera kudzora? Dhirowa chiso chemunhu ari kuratidza manzwiro iwayo. Kana wapedza, chidhirowa chiso chemunhu ane manzwiro aunoda kugara uchiratidza.



Kana wadaro, chinyora zvauchaita kuti uzadzise chinangwa chako.

Pandichava nemanzwiro aya:

Pane kuti ndiite izvi:

Ndichaita izvi: